

# TATA PANGIBADAH MINGGU BIASA XXVIII - GKJ AMBARRUKMA

17 November 2024

Gedung Induk Papringan, jam 08.00 WIB

Pepanthen Nologaten, jam 08.00 WIB

(Warni Liturgis: Ijem, Stola/Logo/Simbol : Prau Layar+Peksi Dara+Pelangi)

1. **Pacawisan** : Imam mimpin pandonga ing konsistori
2. **Liturgos** :

*Sakderengipun pangibadah kawiwitan, Liturgos nyumet 1 (satunggal) lilin pethak ibadah.*

“Pasamuwan kinasih kagunganipun Gusti Yesus Kristus, Pradataning Pasamuwan GKJ Ambarrukma ngaturaken sugeng rawuh, sugeng enjang, lan sugeng pepanggihan malih wonten ing pangibadah **Minggu Pitulas November Kalih Ewu Sekawan Likur** (17 November 2024).

Kita aturaken uluk salam kabingahan kita sami kanthi jawat-asta utawi salam namaste kagem pasamuwan ing sakiwa tengen, ngajeng, saha wingking panjenengan. Mugi berkah kasarasan lan karaharjan tansah nunggil wonten ing Bapak, Ibu, saha para Sedherek, tuwin Lare-lare sadaya.

Kula nyuwun kawigatosanipun sawetawis, awit wontenipun pawartos Minggu menika, ingkang badhé kula aturaken sapérangan (*maosaken pawartos*).

Jangkeping pawartos saged kawaos lumantar pawartos *online* ingkang saged dipun unduh mawi *QR code* ingkang sampun kacawisaken wonten ing layar monitor, punapa ingkang sampun kacawisaken wonten grup Whatsapp, menapa déné lumantar iber-iber cetak ingkang kacawisaken wonten ing kori greja.

Pasamuwan ingkang dipun kasih dening Gusti, pangibadah wekdal punika kanthi irah-irahan “**Gusti, Paduka ingkang Njagi Kawula**” badhe kaladosaken dening Bapak/Ibu Pandhita .....

Sumangga kita puji asmanipun Gusti kanthi repening kidung pambuka **Kidung Pasamuwan Kristen Gangsal Pada Setunggal lan Kalih (KPK 5: 1, 2), “Pamuji Konjuk Gusti”** ..... *pasamuwan kasuwun jumeneng*

- (1) Pinuji puji Gusti kang nitahken jagad raya  
Nggih siyang dalah ratri tansah luber sihrahmatnya,  
Donya gingsir wah sirna sihnya langgeng slaminya.

- (2) Pinuji puji Gusti nggih Allah kang Mahamirah,  
pra umat kang ngabekti tinuwukken klayan berkah,  
salir ingkang pinanggya dados margining begja.

*(Kidung kawiwitan, Imam lan Pengkhotbah lumebet dhumateng altar, Imam ngaturaken Kitab Suci dhumateng Pengkhotbah, sakderengipun Pengkhotbah mapan dhateng mimbar.)*

**3. Votum tuwin Salam Karaharjan:** *(Pasamuwan Jumeneng)*

- Pandhita : Pasamuwan kinasih, sumangga ing pangibadah dinten Minggu punika kita sesarengan mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten:
- Sadaya : **Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Sang Yehuwalh ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**
- Pandhita : Sih rahmad lan tentrem rahayu saking Sang Yehuwalh Gusti kita, tuwin Gusti Yesus wonten ing bapak, ibu, lan sadherek sadaya.
- Pasamuwan : **Mekaten ugi ing panjenengan.**
- Sadaya : **5 7 i . / 5 7 i . / 5 4 3 . /  
Amin, Amin, Amin.**

(Liturgos: *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

**4. Lektor : Sabda Introitus : Daniel 12: 1-3**

- Lektor : “Mekaten sabdanipun Gusti”  
Pasamuwan : “Puji sokur konjuk Gusti”

**5. Liturgos :** “Pasamuwan kagunganipun Gusti Yesus, sumangga kita tansah mbudidaya dados tiyang ingkang wicaksana.

Sesarengan kita ngrepeka kidung sukarena, **Kidung Pasamuwan Jawi Wolung Dasa Sekawan Pada Setunggal lan Tiga (KPJ 84: 1, 3), “Mara Wong Dosa, Wong Cilaka”**

- (1) Mara wong dosa, wong cilaka, mareka mring Gusti Pamarta;  
temah binirat dosanira, krana gunging sihnya.  
Refr:  
Saiba karaharjanira, yèn sira wus manjing pracaya,  
sinung begja ing gesangira, uwal sing antaka.
- (3) Aja semaya, gya mareka, wit tan ngerti praptaning pati.  
Gusti ngantya mring tobatira, krana sih-rahmatnya.....Refr:

**6. Pandhita : Sabda Andharaning Katresnan (Mulad Sarira) : Markus 13: 13**

## 7. Imam : Pacawisan Pamratobat

“Pasamuwan ingkang dipun tresnasi Gusti, kita sami badhe dipun sengiti dening tiyang awit saking asmanipun Gusti. Ananging, tiyang ingkang mantep ngantos ing wekasanipun, badhe pikanthuk karahayon. Sesarengan kita badhe nyawisaken manah, murwakani pandonga pamratobat, kanthi memuji **Kidung Pasamuwan Jawi Seket Sekawan Pada Setunggal lan Kalih (KPJ 54: 1, 2)**, “**Kula Saèstu Nglenggana”**

- |  |   |
|--|---|
| (1) Kula saestu nglenggana<br>anyisahaken sesami.<br>Mila getun manah kula,<br>nalangsa ing ngarsaning Gusti | (2) llat kula nyenyidrani,<br>gurung kadya kubur menga<br>lambé kebak wisa mandi,<br>ngrerantam saliring piala. |
|--|---|

## 8. Imam: Pandonga Pamratobat

Pasamuwan ingkang sampun dipun tunggil ing padalemanipun Gusti, sesarengan kita aturaken pandonga pamratobat, kita ndedonga:

“Pinuji-puja asma Paduka Gusti ingkang nitahakaen jagat raya tuwin sak isinipun. Puji panuwun sokur konjuk dumateng Paduka, awit sih kamirahan Paduka, kawula saget sowan marek ing ngarsa Paduka. Ing pangibadah menika, kawula tiyang ingkang ringkih lan kebak ing pandamel dosa. Awit saking menika Gusti, kawula nyuwun piwelas saha kamirahan Paduka. Paduka Gusti ingkang mberek sedaya karingkihan lan jembering dosa kawula punika. Nyuwun sumunaripun pepadhang saking Paduka Gusti, lumantar panuntuning Sang Roh Suci ing sak uruting lampah gesang kawula. Mugi berkah pepadhang sih katresnan saha kamirahan saking Paduka menika tansah kawula lajengaken ing gesang menika. Linambaran sih katresnanipun, Gusti Yesus Kristus Juru Wilujeng ingkang sejatos, kawula ndedonga. Amin.”

## 9. Pandhita : Pawartos Sih-Rahmat : Ibrani 10: 20

**Pandhita : Pangatag-atag Gesang Anyar : Ibrani 10: 24-25**

**10. Liturgos :** “Pasamuan kagunganipun Gusti, Gusti Yesus Kristus sampun mbikak margi enggal lan paring gesang awit rahipun sampun kakurbanaken tumrap kita sami. Kita kadhwuhan tansah sregep ing pakumpulan-pakumpulan pangibadah kita. Pramila sumangga kita badhe ngugemi pangandikanipun Gusti lumantar pepujen **Kidung Pasamuwan Kristen Lami Satus Tigang Dasa Pitu Pada Setunggal lan Tiga (KPKL 137: 1, 3)**, “**Manggul Salib**”..... *pasamuwan kula aturi jumeneng*

- (1) Gusti Yesus kula badhe nderek Tuwan slaminya  
Nderek manggul salib Tuwan sajeg kula neng donya  
Kula Tuwan kiyataken sageda tahan susah  
Sampun ngantos kemuriten sampun cuwa ing manah.

(3) Kasusahan lan sangsara nyaketaken mring Tuwan  
Sarta ngatag manah kula angupados kaswargan  
Kula anandhangga papa angger sugih suwarga  
Ngangkah napa malih kula lamun darbe Pamarta?

(Liturgos : *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

## 11. Wedharing Sabdanipun Gusti *(Pasamuwan Lenggah)*

- a) Pandhita : **Pandonga Epiklese**
- b) Pandhita : maosaken **Jabur Masmur 16: 1-11**
- c) Pandhita : **Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Haleluya.**  
**Pasamuwan:** 1 1 | 3 3 0 3 3 | 5 5 0 5 5 | 6.5 4 3 |  
Hale - luya Hale- luya Hale - lu - ya
- d) Pandhita : **Paladosan Khotbah**
- e) Irah-irahan: “**Gusti, Paduka ingkang Njagi Kawula**”
- f) Ancas : **Pasamuan nggadhahi komitmen (prasetya) tansah pitados dhumateng Gusti Yesus ingkang tansah njagi lan dados tuking gesanging manungsa.**
- g) Wekdal Ening.

## 12. Pisungsung

**Imam :** “Pasamuwan ingkang dipun kanthi Gusti. Sih kamirahan saha berkahipun Gusti tansah kababar ing gesang kita sami. Kita badhe caos pisungsung minangka cihnaning raos sokur kita kagem Gusti.

Pisungsung wekdal menika kapantha dados tigang kanthong, kanthong setunggal kagem pasamuwan, kanthong kalih kagem kesaksian pelayanan, lan kanthong tiga kagem panyengkuyung dana griya émeritus. Pisungsung mirunggan saged dipun lebetaken ing kotak ingkang sampun kacawisaken.

Lan ingkang ngersakaken caos pisungsung kanthi migunakaken aplikasi m-banking, sumangga saged mawi scan kode QRIS ingkang sampun cumawis, katèmpèl wonten palenggahan.

Tetales pisungsung ing wekdal punika, kapethik saking kitab **Jabur Satus Pada Sekawan (Jabur 100 : 4)** ingkang mekaten suraosipun:

**“Padha lumebua liwat ing gapurane kalawan memuji asmane, lumebua ing platarane kalawan kidung pangalembana, ngaturna pamuji sokur lan ngluhurna asmane.”**

Kita aturaken pisungsung wonten ngarsanipun Gusti, kanthi repening pepujen **Kidung Pasamuwan Jawi Satus Suwidak Setunggal Pada Setunggal dumugi Sekawan (KPJ 161: 1-4), “Jiwa Raga Kawula”**

- (1) Jiwa raga kawula konjuk mring Sang Pamarta,  
mugi dados lantaran kamulyaning Pangeran,  
kamulyaning Pangeran.
- (2) Tangan-suku kawula nindakken pakaryannya,  
mrih sesami basuki, nampeni sihing Gusti,  
nampeni sihing Gusti.
- (3) Dalah kedaling ilat nggih ngundhangken sih-rahmat,  
temah asmaning Gusti datan kendhat pinuji,  
datan kendhat pinuji.
- (4) Bandha lan kasugihan, wekdal, wah kasagedan,  
nggih gesang sawetahnya dadya pisungsung nyata,  
dadya pisungsung nyata.

### **13. Pandhita : Pandonga Syukur lan Syafaat**

**14. Liturgos :** “Bapak, Ibu, lan Sedhèrèk kinasih ing Gusti Yesus Kristus, sumangga sesarengan kaliyan tiyang pitados ing pundi-pundi papan, kita sami nélakaken **Pangaken Pitados Rasuli**. Pasamuwan kula aturi jumeneng ....

- Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.
- Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang Putra ontang-ting, Gusti kawula.
- Ingkang kabobotakan dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.
- Ingkang nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, oglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.
- Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.
- Lajeng sumengka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama ingkang mahakawasa,
- Saking ngriku inggih badhe rawuhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah.
- Kawula pitados dhateng Roh Suci.
- Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci.
- Punapa-dene pangapuntening dosa.
- Tanginipun raga.
- Sarta gesang langgeng.

**15. Pandhita : Paladosan Berkah**

- 16. Liturgos :** “Pradataning Pasamuwan ngaturaken panuwun dhumateng Bapa/Ibu Pandhita ..... lan sadaya paraga ingkang sampun nyengkuyung lampahing pangibadah punika.

Pasamuan ingkang dipun tresnani Gusti, sumangga kita sami nggadhahi komitmen (prasetya) tansah pitados dhumateng Gusti Yesus ingkang tansah njagi lan dados tuking gesangipun manungsa.

Sesarengan kita pungkasi pangibadah punika kanthi **Kidung Pasamuwan Jawi Sekawan Atus Seket Pada Setunggal lan Kalih (KPJ 450: 1, 2)** “**Sumangga Makarya**”

- (1) Sumangga makarya, para utusan setya  
Ngundhang aken kabar adya, sih rahmat saking swarga,  
mrih tyang kang peteng manahnya, dadya padhang lejara.  
Sumangga samekta, tansah makarya.
  
- (2) Sumangga makarya, dipun kepara cukat,  
mbabarken tresna sanyata, mrih tyang dosa mratobat,  
panggah ngadhepi bebaya, Gusti ngantri slaminya.  
Sumangga samekta, tansah makarya.

- 17. Liturgos :** “Mekaten pangibadah ing enjang menika sampun paripurna. Sugeng dinten Minggu, sugeng kondur mugi katentreman lan karaharjan tansah nunggil ing kita sami.”